# ӘЖИНИЯЗДЫҢ ДҮНЬЯҒА КӨЗҚАРАСЫНЫҢ УЛЫЎМА ФИЛОСОФИЯЛЫҚ НЕГИЗЛЕРИ

**Худайбергенова У.К.**
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети, ф.и.к., доцент*

В статье рассматриваются общефилософские и эстетические взгляды великого каракалпакского поэта и мыслителя Ажинияза.

Елимиздиң ғәрезсизликке ерисиўи менен өтмиште жасап дөретиўшилик еткен уллы бабаларымыздың мийрасларын ҳәр тәреплеме үйрениў жаңа басқышқа көтерилди. Бул тәбийий ҳәм нызамлы қубылыс. Себеби олардың ой-пикирлеринде өз сәўлелениўин тапқан тарийхый қәдириятлар ҳәм философиялық ҳақыйқатлар тек бир дәўир емес, ал ҳәмме заманлар ушын үлкен әҳмийетке ийе бола береди.

Орайлық Азия ҳәм дүньялық илиминиң, руўхый мәдениятының, философиялық ой-пикириниң раўажланыўына үлкен үлес қосқан ата-бабаларымыз Хорезмий, Фарабий, Ибн Сина, Беруний, Имам Бухарий, Наўайы, Күнхожа, Әжинияз Бердақ сыяқлы уллы ойшылларымыздың мийрасларын еле де тереңирек үйрениў ҳәм жасларымыздың жоқары мәнаўиятлы, ҳәр тәреплеме жетилисиўиндеги әмелий әҳмийетин анықлаў, оны турмысымызға енгизиў ең актуал проблемалардың бири болып табылады.

Узақ жыллар даўамында бизиң халқымыз үлкен ақыл ойы дөреткен философиялық мийрасларымыз бир тәреплеме изертленип келинди. Бурынғы совет дүзиминиң идеологиясы класслықты биринши орынға қойып, шығармаларды көбирек сиясий, идеологиялық мақсетлерге қарап ийкемлестириўге умтылыўшылық көринетуғын еди. Қарақалпақ халқының бай мәнаўий ҳәм мәдений, философиялық мийрасын үйрениў де тап усы тақылетте алып барылды. Нәтийжеде ата -бабаларымыздың философиялық ой-пикирине объектив илимий баҳа бериўде шеклениўшиликлер болды. Олардың дүньяға көзқарасларындағы әҳмийетли мазмунлық тәреплери шетте қалып кетти. Өзбекстан ҳәм Қарақалпастанда философиялық ҳәм жәмийетлик-сиясий ой пикирлердиң тарийхын үйрениўде сол методологиялық кемшиликлерди сапластырыў, орнын толтырыў философия тарийхы илими ушын үлкен әҳмийетке ийе.

Әжинияздың дөретиўшилигине қызығыўшылық XIX әсирдиң басларында басланған еди. Биринши рет, 1878-жылы «Туркистон вилоятининг газетаси» басылымының 11-12 санларында шайырдың қазақ қызы Меңеш пенен айтысы жәрияланған еди. Ал, 1925 жылы болса Ташкентте басылып шыққан «Үлкенлер ушын Әлипбе» китабында Ажинияздың «Бозатаў» поэмасы жарық көреди.

Шын мәнисинде Әжинияздың дөретиўшилик мийрасын топлаў ҳәм үйрениў XX-әсирдиң 40-жыллары басланды. Сол ўақыттан берли республикамыздың әдебияттаныўшы илимпазлары тәрепинен шайырдың қосықларын жыйнаў, баспадан шығарыў, текстологиялық анализлеў, көркем-әдебий ҳәм идеялық мазмун әҳмийетин изертлеў бойынша бир қатар жумыслар исленди.

Әжинияз дөретиўшилигиниң әдебияттаныў илими көз-қарасынан кең түрде анализлеў Н.Даўқараев [6] тәрепинен ислеп шығылды ҳәм илимпаздың монографиясында жарық көрди. Сондай-ақ шайырдың мийрасын изертлеўде белгили илимпазлар Қ.Айымбетов, [5] Т.А.Жданко, М.Нурмухаммедовлардың [8] хызметлери үлкен болды.

Әжинияздың дөретиўшилигиниң айырым әдебий, тарийхый, этнографиялық аспектлерине белгили изертлеўшилер Е.Э.Бертельс, П.П.Иванов, Н.А.Баскаков, С.Камалов ҳ.т.б. дыққатын қаратады.

Бирнеше жыллар даўамында бизиң илимпазларымыз У.Алеўов [7], К.Худайбергенов, [3] К.Мамбетов [9], Б.Калимбетов [10], Ж.Базарбаев, А.Пирназаров [11], А.Муртазаевлар тәрепинен Әжинияз мийраслары тарийхый, философиялық, педагогикалық, әдебияттаныў аспектинде изертленеди. Қарақалпақ философия тарийхы илиминиң белгили изертлеўшиси К.Худайбергеновтың, сондай-ақ С.Сейтимбетов, Р. Реймов, З.Сейтова ҳәм У.К.Худайбергеновалардың [4] изертлеў жумысларында Әжинияздың философиялық, этикалық, еркин ойлаўшылық ҳәм эстетикалық идеяларының айырым тәреплери ашып бериледи.

XIX әсирдеги қарақалпақ классикалық әдебиятының ҳәм философиялық ой-пикириниң ең көрнекли ўәкили Әжинияз Қосыбай улының руўхый мәдениятымыздың раўажланыўы тарийхындағы тутқан орны айрықша. Өз дәўириниң оқымыслы адамларының бири болған, ахун Әжинияз ислам диний илимин жетик ийелеген, суфизм тәлийматының прогрессив идеяларын, оның поэтикалық традицияларын раўажландырып, гөззал, қайталанбас дөретиўшилик мийрасы менен қарақалпақ поэзиясын ҳәм мәдениятын жаңа мазмун менен байытты. Ойшыл сыпатында қарақалпақ жәмийетинде жүз берген социаллық, сиясий проблемаларға өзиниң терең философиялық пикирлери менен жәмийетлик сананың раўажланыўына үлкен тәсир көрсетти.

Әжинияздың шайыр ҳәм ойшыл сыпатында қарақалпақ мәдениятының майданында пайда болыўына XIX әсирде қарақалпақ жәмийетинде писип жетилискен социаллық ҳәм руўхый зәрүр-

лиликлер объектив тийкар жаратады. Хийўадағы Шерғазы хан медресесинде қунт пенен үйренген диний ҳәм дүньялық илимлери, Шығыстың уллы ойшыллары Низамий, Фирдаусий, Жәмий, Наўайы, Мақтумқулы ҳәм басқалардың дөретиўшилик мийраслары, олардын гуманистлик идеялары менен суўғарылған шығармалары Әжинияздың өзи жасап турған заманға, туўылып өскен елине ҳәм халқының турмысына, улыўма дүньяға көзқарасларының қәлиплесиўине күшли идеялық-руўхый негиз болды.

Демек, Әжинияз мусылман Шығыс философиясының улыўма адамзатлық идеяларынан келип шыққан ҳалда өзиниң шығармаларында өзи жасап турған дүнья, жәмийет, адам ҳәм олардың өзара қатнасы ҳаққындағы философиялық пикирлерин билдиреди.

Әжинияздың философиялық көз қарасында Адам мәселеси орайлық орында турады.

«Бул дүньяның көрки адам баласы,
Адамның да көкке жетер наласы» - [1; 81]

идеясының мазмун ҳәм мақсетин Әжинияз барлық шығармаларында ашып бериўге умтылады. Белгили илимпаз К.Худайбергенов атап өткениндей, «Әжинияз адамға берген бул жокары бахасына адамнын гөззаллығы, тәбиятты өзгертиўде хәм оны тағы да әжайып етиўде адамнын уллы миссиясы түсиниклерин киритеди» [6:104]. Оның дөретиўшилигинде Адам қәдир-қымбаты улығланады. Адамның гөззаллығы, әдеп-икрамлық пәзийлетлери, өмири ең жоқары баҳалылық болып, ол бул дүньяда емин-еркин жасаўға, өмирдиң гөззаллығынан ләззетлениўге, ойлаған әрман ҳәм мақсетлерине жетисиўге хақылы. Алла тәрепинен адамға берилген өмирдиң өзи уллы бахыт! Сол бахытты қәдирлеў, оның ҳеш қашан кемситилиўине, хорланыўына жол қоймаў бул да адамға жүкленген жуўапкерли ўазыйпа. Демек, адамның өмири сол ўазыйпаны атқарыў ушын гүреслерден ибарат. Буның ушын адам дәслеп өзин билиўи, өзлигин аңлаўы керек деген пикирди билдиреди ойшыл. Өз өмирин қәдирлеген, оның мазмунын түсинген, жәмийетте орынын анықлаған, өзгелерди де қәдирлейди, дүньяның гөззаллығын биледи ҳәм өзи де гөззаллық жаратыўға, яғный өмирин безеўге, бахытлы болыўға умтылып жасайды.

«Адам улы адам қәдирин билмесе
Оннан дүзде отлап жүрген мал жақсы» [1:96]

Әжинияз адам – бул дүньяның көрки, адам - уллы қәдирият, оның өмири – жоқары баҳалылық, ақылы – бийбаҳа байлық, әдеп-икрамлылығы - гөззал безеги, көрки – перзентлери, бағы, яғный, ислери деген жуўмаққа келеди.

Әжинияз жасаған заман қарақалпақ халқының тарийхында ең аўыр, социаллық теңсизликтиң кескинлескен дәўири еди.

Қарақалпақ жәмийетиниң социаллық-экономикалық дәрежеси әдеўир төмен болды. Халықтың турмысы, күн-көриси ашынарлы жағдайда еди. Әжинияздың гуманистлик сезимлери бул жағдай менен келисе алмайды. Ол өзиниң жәмийетлик көзқарасларында халықтың еминеркин жайнап жасаўы ушын әдил, демократиялық жәмийет ҳаққында әрман етеди.

«Сорлы пуқара халыққа,
Қол созып бәрҳә жарыққа,
Көнбей бир неше салыққа,
Жайнап жаснар заман керек» [1:83]

Бул дәўирде қарақалпақ тарийхында үлкен сиясий әҳмийетке ийе 1855-1856-жыллары Ерназар Алакөз басшылығындағы халық көтерилиси, 1858-1859-жыллары Қоңырат көтерилиси болды. Бул көтерилислер қарақалпақлардың бирнеше әсирлер даўамында ғәрезсизликке, халықтың азатлыққа умтылыўының, өз алдына мәмлекет болыўы ушын гүресиниң айқын көриниси еди. Бул әлбетте, қарақалпақ жәмийетлик ойының буннан былай да раўажланыўына тәсир жасаған социаллық жағдайлар еди.

Әжинияз өзиниң еркин сөйлеў, еркин жасаў, еркин пикирлерди сүйиўшилик идеялары менен жәмийетте ҳүким сүрип турған идеология менен келисимге келе алмайды, көп қысыўметлерге ушырап, елинен шығып кетиўге мәжбүр болады. Ол қазақ, өзбек, түркмен, татар, рус ҳәм басқа да халықлар арасында жасады, олардың турмысы менен жақыннан танысып өзиниң тәжирийбесин байытты ҳәм бул жағдайлар Әжинияздың дөретиўшилигине тәсир етти.

Әжинияздың поэтикалық шығармалары нәзик лиризми менен өзиниң айрықшалығына ийе. Оның ҳәр бир сөзи әжайып көркемлиги, жыйнақлылығы, қонымлылығы менен ҳәр бир адамда айрықша сезимлерди, гөззаллыққа муҳаббатын пайда етеди ҳәм жетилистиреди. Сонлықтан да Әжинияздың қосықларын оқыған ҳәм бақсылардың атқарыўында еситкен ҳәр ким олардан руўхый ләззет алады. Әжинияздың «Зийўар» деген әдебий лақабын таңлағанының өзи («Зийўар» – парсы тилинде «гөззал, шырайлы, көркем» деген мәнини аңлатады — Х.У.) бабамыздың қаншелли дәрежеде гөззаллықтың шайдасы болғанынан дерек береди.

Адамды бул дүньяның гөззаллығы деп баҳалаған Әжинияз өзиниң әжайып шығармаларында адам гөззаллығының теңи-тайы жоқ образларын дөретти. Гөззаллықты күтә нәзик талғамы менен терең аңлай билген Әжинияз муҳаббат қосықларында гөззалдың бир пүтин қайталанбас образын жаратты, ҳақыйқый гөззаллыққа тән болған гармонияны аңғара билди, сол гөззаллықты көтериңки лапыз бенен улығлаўда тек ғана қарақалпақ тилиниң емес, ал парсы, араб, өзбек, түркмен тиллериниң ең қонымлы, ширели сөзлери менен жырлады.

«Сәрәфраз қамәти, сәдаф дәнданлы,
Башындын аяқы әдаб-әрканлы,
Ол ҳәм мениң киби йуз мың әрманлы,
Көздиң қанлы яшын төкти де кетти.
Лэйли, Зуҳра, Сәнем яңлығ сүўрети,
Туўбы ағашына мегзер қәўмети,
Аҳ дегенде шыққан ағзынан оты,
Он сәккиз мың әлем яқты да кетти» [1: 9-10]

Әжинияздың гөззалы тек сын-сымбаты менен емес, ал ишки дүньясының байлығы менен, нәзик, жағымлы, мүлайым, адамды өзине тартатуғын сулыў минези, әдеп-икрамлығы менен айырылып турады. Гөззаллық идеалындағы бул гармония Әжинияз дөретиўшилигин ең жоқары дәрежеге көтереди.

«Яқшыны пәҳим әйле сөзләгән сөздин,
Яманның парқы йоқ көз бирлә йуздин
Әдепсиз, әркансыз, бийпәҳим қыздын,
Хошрей болмақ билән жанан болурмы?» [1:97]

Әжинияз гөззаллық пенен әдеп-икрамлықты бир биринен ажыратпайды, олардың сәйкеслиги, гармониясы- гөззаллықтың өлшеми болады деген пикирди алға сүреди.

Әжинияз адамға қудай тәрепинен инам етилген уллы сезимди-муҳаббатты, оның гөззаллығын бәлентке көтерип жырлайды. Сүйиў – бул өмир гөззаллығын билиў, оның ләззетин татыў, заўық алыў, өмирин қуўанышқа бөлеў, қанаатланып жасаў деген, булардың барлығы муҳаббатта ғана табылады деп түсинеди шайыр. Әжинияздың ышқы-муҳаббат ҳаққындағы философиялық ойларының тамырлары Шығыс философиясы, анығырағы, суфизм тәлийматы менен байланысқан.

Суфизмде қудайға деген муҳаббат уллы пәзийлет сыпатында қаралады. Бул философиялық – диний тәлийматта ең жоқары жетиклик Қудайға ғана тән деп қаралады. Ол ең ағла әдеп-икрамлық пәзийлетлерге ийе, қуранда Алланың 99 гөззал пәзийлетлери көрсетилген. Адам (супы) өзиниң пүткил өмири даўамында әлемди, тиришиликти жаратқан Қудайға жақынласыўға умтылып, шәрият, тарикат, мағрипет, ҳақыйқат жолларын басып өтип, қәлбиндеги муҳаббаты арқалы Қудай менен биригип кетиўди мақсет етип қояды. Супы өзиниң қудайға болған муҳаббатын тиккелей баянлай алмайды, себеби оның жамалы, гөззаллығы сондай дәрежеде жарқын, көзди қамастырады, соншелли көркем, тилди лал қылады, азаплары шийрин ҳәм татлы, сөз бенен жеткерип бериў қыйын. Сонлықтан, суфизмде бул ең уллы муҳаббатты образлар арқалы, мәселен, ашық образы (Лэйли, Мәжнун), гүләлши образы, яр образы арқалы баянлайды.

Әжинияздың муҳаббат қосықларындағы яр жамалы, ышқы отында күйген ашық образларында улыўмаадамзатлық идеялар менен бир қатарда иләҳий сезимлердиң жырланғанлығынан дерек береди.

Жоқарыда атап өткенимиздей, Әжинияз өз шығармаларында прогрессивлик гуманистлик идеяларды раўажландырады. Ойшылдың пикири бойынша:

«Қудирети күшлидур не қылса субҳан,
Көптен соң жаратты топырақтан инсан.
Кими кәпир болды, кими мусылман,
Бәршесиниң атасы адам демишлер». [1]

Адамлар жаратылысында бәри бирдей, ал олардың кәпир-мусылман болып бөлиниўи соңынан болған, бирақ бул нәрсе адамларды бир-биринен қашырыўдың, бир-бирине душпан болыўының шәрти емес. Барлық адамлардың түби бир деп түсинеди шайыр. Сонлықтан адамлар биринбири ҳүрмет етиўи, қәдирлеўи керек, бул оларды ҳайўанлардан ажыратып туратуғын үлкен қәсийет. Себеби адамның өмири шекленген, олар бир-бирине мийман.

Әжинияз өзиниң барлық шығармаларында өз елин, өз халқын жоқары көтериңкилик, үлкен сүйиспеншилик пенен уллылайды. Әжинияздың «Еллерим барды», «Бозатаў», «Бардур» қосықлары қарақалпақ поэзиясының патриотизм темасына жазылған шығармалардың ең бийик шыңы болып табылады десек қәтелеспеймиз. Қарақалпақ халқының ең жақсы қәсийетлерин: оның ҳақ кеўиллиги, миймандослығы, сөзге ықрарлығы, өтирикти рас етип айтпайтуғынлығы, жигитлериниң ҳақыйқый дослықты ҳүрмет ете билетуғынлығы, бас кетс еде туўры жолдан қайтпайтуғынлығы, Рүстем, Гөруғлыдай ерликлери оғада үлкен мақтаныш, көтериңкилик пенен жырланады.

«Өтирикти рас етип айтпаған,
Туўры жолдан бас кетсе де қайтпаған,
Намәҳремди ҳасла жолдас тутпаған,
Аты қарақалпақ еллерим барды» [1:35]

Әжинияздың шығармаларында қарақалпақ қызларының ҳәдден тыс гөззаллығы, оларға питкен әдеплиликтиң әжайыплығы, сыпайылығы, нәзиклиги, уялшаңлығы, зейинлилиги, ақыл-парасаты, жүрис-турысының сулыўлығы, олардың өз-ара сәйкеслилиги гөззаллықтың бир пүтинлигинде сүўретлеп көрсетиледи.

«Қыз-жаўаны бардур әдеп-икрамлы,

Сәдептен дәнданлы, қуштек дәҳанлы,
Шийрин-шекер сөзли, сүшик зибанлы,
Сәнем киби қыпша беллери бардур» [1:39]

Әжинияз туўылып өскен жериниң ҳәм камалға келтирген Ўатанының көркин тәбиятының гөззаллығын үлкен пафос пенен жырлайды.

«Беглер тәрийип етсем қалпақ йуртыны,
Ҳуп әжеп тамаша еллери бардур.
Қыры дийханшылық, суўы-сәмәкли,
Ҳәр жерде кәни бар көрсең нәмәкли,
Ғазлы, қасқалдақлы, көли- өрдекли,
Йери мурғызарлы көллери бардур» [1:39]

Әжинияз сөздиң тәрбиялық ҳәм эстетикалық тәсирин ҳәм күшин жоқары баҳалайды. Адам дүньяны өз санасында сәўлелендирип, сөз арқалы пикирлерин, қоршаған орталыққа болған мүнәсибетин билдиреди. Сонлықтан сөзди өз орнында қоллана билиў, дурыс пикирлеў, мәнили, тәсирли сөйлеў адамның ишки дүньясының, әдеп-икрамлығының, тәрбиясының белгиси деп көрсетеди шайыр.

«Яқшының бир сөзи мәўинәт тажы,
Яманның бир сөзи зәҳәрдин ашшы». [1: 105]

Әсиресе Әжинияздың шайыр сөзиниң тәсирине, оның мазмунына, тәрбиялық баҳалылығына, эстетикалық көркемлигине болған итибары дыққатқа ылайық. Бизиң халқымыз шайырларды дүньяның барлық сырын шеше алатуғын, ҳәр тәреплеме билгир, зейинли, ақыл-парасатлы, жәмийетлик мәселелерди ҳәм халықтың турмысын түсинетуғын иләҳийда адамлар деп билген ҳәм оларды үлкен ҳүрмет пенен «шешенлер» деп атаған.

Бул озық ойлы инсанлардың алдында үлкен жуўапкершиликли ўазыйпалар турғанын Әжинияз жақсы түсинди, сонлықтан ол:

«Ийемен деп уллы атаққа,
Аты белгили елатқа,
Жайылмаса сөзи халыққа,
Шайыр гөне тамға мегзер» – деген жуўмаққа келеди. [1:89]

Әжинияз Қосыбай улының дүньяға көз-қараслары өз заманының талапларынан асып түсип, оның мәңги мийрасы барлық дәўирлерде өзиниң оғада терең философиялық мазмунға ийе идеялары менен қарақалпақ жәмийетиниң руўхый турмысында айрықша орнына ийе болып, жәмийетимиздеги халықтың перзентлериниң жақсы инсан сыпатында раўажланыўына бағдар алыўына тәсир жасайтуғынлығы сөзсиз.

Әжинияздың эстетикалық көзқараслары оның улыўма философиялық дүньятанымының ажыралмас бөлеги болып, онда қарақалпақ жәмийетиниң XIX әсирдеги социаллық-сиясий жағдайлары, этикалық, философиялық, жәмийетлик проблемалары адам проблемасы, оның бул дүньяда тутқан орны, мақсети, бахты мәселелери дөгерегинде қаралады.

Әжинияздың эстетикалық көз-қарасларында мусылман Шығыс философиясында қәлиплесип раўажланған эстетикалық идеялар, гөззаллықтың өзине тән талқыланыўы, улыўма адамзатлық гуманистлик идеялары менен тутасқан дүньяны эстетикалық өзлестириўдиң айырмашылықлары өз көринисин табады.

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. Әжинияз. Зийўар. Танламалы шығармалары. Нөкис, «Каракалпакстан», 1988.
2. Худайбергенов К. Әжинияз шығармаларында философиялык көз-караслар. «Әмиўдәрья» журналы. № 3, 1990.
3. Худайбергенов К. Развитие общественно-политической и философской мысли в Каракалпакстане. Нукус. «Каракалпакстан». 1990.
4. Худайбергенова У.К. Бердах и развитие эстетической мысли в Каракалпакстане в XIX в. //Автореферат диссертации. Т.: 1994.
5. Айымбетов Қ. Халық даналығы. Нөкис, 1968.
6. Даўқараев Н. Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери. Шығармаларының толық жыйнағы. 3-том. Нөкис. «Қарақалпақстан». 1979.
7. Әлеўов У. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. Нөкис. "Қарақалпақстан". 1993.
8. Нурмухамедов М., Жданко Т.А., Камалов С. Каракалпаки. – Т., «Фан», 1971.
9. Мамбетов К. Әжинияз. –Нөкис, Билим. 1994.
10. Қалимбетов Б. Әжинияздың лирикасы. –Нөкис, Қараақалпақстан, 1981.
11. Пирназаров А. Мастерство Ажинияза. –Нукус, Каракалпакстан. 1983.
12. Реймов Р. Социально-этические взгляды Ажинияза // Автореферат диссертации. Т.: 1999.
13. Сейтова З. Роль художественной культуры в гуманистическом воспитании личности (на примере творчества Ажинияза)// Автореферат диссертации. Т.: 2000.